

# Enfòmasyon apwopo Pwosesis Revizyon Administratif la

Ou ka mande yon revizyon administratif si w kwè ke w pa dwe montan pou pansyon alimantè ki nan **Avi Espesyal** ki anekse a. Ou dwe soumèt demann sa a alekri. Ou kapab itilize fòmilè ki nan do paj sa a. Suiv twa (3) etap sa yo pou ranpli fòmilè a:

**1. Tcheke** (✓) kaz ki apwopriye yo nan fòmilè a pou:

- Idantifye jistifikasyon w lan (yo) ak dokimantasyon ki enkli pou sipòte jistifikasyon w lan (yo). Si w founi dokimantasyon ki pa nan lis la, tcheke kaz ki make "lèt" la epi bay yon deskripsyon kout dokimantasyon w lan.
- Mande yon konferans, si w pa genyen yon dokimantasyon ekri oswa si w bezwen prezante yon evidans ki pa dokiman ekri pou soutni jistifikasyon w lan (yo). N ap enfòme w de dat ak lè konferans la.
- Mande ke se eta ki emèt lòd pou pansyon alimantè w la ki pou fè revizyon an, si se pa nan Eta New York ke yo te emèt lòd la. Nou pral kontakte lòt eta a nan lespas dis (10) jou apati resepsyon demann ekri w la, epi lòt eta a pral notifiye w sou kilè ak kibò revizyon administratif ou a ap fèt.

**2. Bay** enfòmasyon sa yo nan pati anba fòmilè a:

- Idantifyan Ka New York la (li sou **Avi Espesyal** la);
- Non Konte a (li sou **Avi Espesyal** la); ak
- Enfòmasyon pèsònèl ou/pou kontakte w.

**3. Soumèt** fòmilè ou ranpli a ak dokimantasyon an nan adrès ki nan pati anlè **Avi Espesyal** la.

Yon avoka oswa yon lòt moun ka reprezante w pandan pwosesis revizyon administratif la.

W ap resevwa desizyon ekri nou ki di si wi oswa non nou dakò ak ou. Desizyon nou an ap chita sèlman sou konsiderasyon dosye Inite Koleksyon pou Pansyon Alimantè (Support Collection Unit, SCU), nenpòt dokimantasyon ekri ke ou te soumèt e, si sa aplikab, nenpòt prèv ou te prezante nan yon konferans ke w te mande. **Desizyon n ap pran pa ekri a pral desizyon administratif final la.** Si nou decide ke sètifikasyon pou rediksyon sou ranbousman taks/refi pou paspò pa dwe fèt, nan entegralite oswa an pati, n ap ajiste sètifikasyon an. Si yo deja aplike rediksyon an, n ap ranbouse w montan yo pa t dwe retire a. Dèke w resevwa desizyon administratif final la, ou ka mande pou yon kontwòl jidisyè pou desizyon an konfòmeman ak Atik 78 nan Lwa ak Règ sou Pratik Sivil nan Eta New York la, nan delè lalwa prevwa.

# Demann Pou Revizyon Administratif pou Sètifikasyon Pansyon Alimantè Egzijib pou Rediksyon sou Ranbousman Taks/Refi pou Paspò

**AVAN W RANPLI FÒMILÈ SA A** - Tanpri li lòtbò fòmilè sa a pou enfòmasyon sou revizyon administratif ak pou plis enstriksyon.

Avan w soumèt nenpòt dokiman ekri oswa avan w prezante w nan nenpòt konferans ki pwograme, ou menm oswa moun ki reprezante w la ka egzamine dosye peman Inite Koleksyon pou Pansyon Alimantè ki genyen rapò ak sètifikasyon pwopoze a epi chache genyen yon kopi l.

**Mwen pa kwè ke mwen dwe kantite lajan pansyon alimantè a ki sou Avi Espesyal la. Mwen swete konteste sètifikasyon an sou baz: 1) jistifikasyon an (yo) ak dokimantasyon ki tcheke anba a ak 2) dokimantasyon ki anekse a.**

1. Mwen pa moun ke yo idantifye ki dwe pansyon alimantè, jan nou ka wè sa nan:
- yon kopi pèmi kondui m oswa kat idantite m
  - yon kopi paspò m oswa kat Sekirite Sosyal mwen
  - lòt (idantifye) \_\_\_\_\_
2. Mwen pa genyen okenn lòd tribinal ki egzije pou m peye yon pansyon alimantè, oswa lòd pou peman pansyon alimantè m nan te anile, fini oswa tribinal la pa t janm anrejistre l epi m pa dwe okenn aryere pansyon alimantè, jan dokiman sa yo pwouve l:
- yon kopi lòd tribinal la ki anile oswa ki mete fen ak peman pansyon alimantè m nan
  - lòt (idantifye) \_\_\_\_\_
3. Kantite lajan ke yo montre ke m dwe a pa kòrèk paske gen yon peman oswa dè peman mwen te fè yo pa te kredite sou kont mwen an, yo pa t kalkile kantite lajan an avèk presizyon, oswa lòd tribinal mwen an te modifiye, jan dokiman sa yo pwouve: \*
- yon kopi (fas ak do) yon chèk ki anile oswa yon manda bankè ke ajans sipò pou timoun yo te depoze men ki pa kredite sou kont mwen.
  - dokimantasyon ki sipòte reklamasyon m ki fè konnen yo pa t byen kalkile pansyon alimantè m nan
  - yon kopi lòd tribinal la ki modifiye lòd pou pansyon alimantè m nan oswa ki fikse sòm lajan m dwe a
  - lòt (idantifye) \_\_\_\_\_
- \*Si dokimantasyon m bay la pa konteste tout montan lajan m dwe a, m ap enkli peman pou sòm lajan m dwe toutbon an e m ap make montan an sou kupon peman an (ki anekse ak Avi Espesyal la), epi m ap voye peman an jan kupon pou faktirasyon an endike sa.
4. Lòd tribinal pou peman pansyon alimantè nan Eta New York la enkli yon detèminasyon ke genyen aryere epi ke tribinal la te pran ankout ranbousman taks antisipe nan detèmine montan pou peman peryodik yo ki pou aplike sou aryere sa yo, epi li etabli ke aryere sa yo pa dwe sètifye pou pwosesis rediksyon sou ranbousman taks la, epi mwen te fè tout peman peryodik yo, jan dokiman sa yo pwouve sa:
- yon kopi lòd tribinal la ki pwouve reklamasyon m nan; ak,
  - yon kopi (fas ak do) chèk ki anile oswa manda bankè m yo ki pwouve ke m te fè peman peryodik mwen yo; oswa,
  - yon kopi lèt rediksyon sou ranbousman taks la m te resevwa ki pwouve ke yo te aplike ranbousman taks mwen yo nan ka peman pansyon alimantè pou pitit mwen an.
5. M ap mande yon konferans pou nou diskite sou ka sa a.
6. Lòd pou peman pansyon alimantè m nan se pa Eta New York ki emèt li, epi m ap mande ke se eta ki te emèt lòd pansyon alimantè sa a, ki pou fè revizyon an.

## Komplete ak Soumèt pa:

Idantifyan Ka New York la: \_\_\_\_\_ Konte: \_\_\_\_\_

Non an Ekri ak Lèt Detache: \_\_\_\_\_ Nimewo Sekirite Sosyal: \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_